

# Pwojè pou Renove Estasyon Regilasyon NL-25 lan

Elmont, NY | Avril 2023

Chè vwazen,

Nou vle raple w ke gen travay ki pral fèt nan katye w la pandan peryòd prentan ane 2023 sa.

## Detay sou pwojè a:

Travay sa se travay pwojè pou renove estasyon regilasyon NL-25 lan k ap kontinye, li te kòmanse nan Ridge Road, Elmont, prentan ane 2022 a.

Pandan prentan an, ekip nou an ap kòmasne travay sou dwa pasaj la nan pati sid Dutch Broadway, anfas Ridge Road. Travay sa se pou mete fen ak sèvis estasyon Dutch Broadway la ki te la deja a epi se etap final travay pwojè sa.

Pwojè pou renove estasyon regilasyon NL-25 lan ap amelyore entegrite ak fyabilite sistèm lan. Sèvis pou kliyan nou yo p ap kanpe.

## Men a kisa ou ka atann ou pandan konstriksyon an:

- **Y ap fouye tou** nan gazon nan pati sid Dutch Broadway antanke dwa pasaj. Yo pral mete plat sou twou ki pa bouche yo epi sekirize yo pandan lè chantye a pa p fonksyone yo.
- **Reparasyon** tout zòn ki touche yo.
- **Fèm ti tanporè lin** dwat Dutch Broadway la tou pre Ridge Road pandan moman travay yo.
- **Kontak dirèk ak ekip sansibilizasyon nou an.** Tanpri kontakte nou nan nimewo oswa imel ki nan dokiman sa si w ta gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon konsènan travay sa.
- **Sekirite se premye priyorite nou.**

**This is an important notice. Please have it translated.**

Este es un aviso importante. Sírvase mandarlo traducir.

Este é um aviso importante. Quiera mandá-lo traduzir.

Avis important. Veuillez traduire immédiatement.

Questa è un'informazione importante, si prega di tradurla.

Это очень важное сообщение. Пожалуйста, попросите чтобы вам его перевели.

Dies ist ein wichtiger Hinweis. Bitte lassen Sie es übersetzen.

Αυτή είναι μια σημαντική ειδοποίηση. Σε παρακαλώ, μετέφρασέ το.

Đây là một thông báo quan trọng. Xin hãy dịch nó.

這是一個重要的通知。請翻譯一下。

이것은 중요한 공지입니다. 번역해 주세요.

これは重要な通知です。翻訳してもらってください。

זה את תתרגם בבקשה. חשובה הודעה זו

ਇਹ ਇੱਕ ਜ਼ਰੂਰੀ ਨੋਟਿਸ ਹੈ। ਕਿਰਪਾ ਕਰਕੇ ਇਸਦਾ ਅਨੁਵਾਦ ਕਰਵਾਓ।

זו הודעה חשובה. בבקשה תתרגם את זה.

## Enfòmasyon esansyèl sou pwojè a:

**Kisa:** Finisman Renovasyon Estasyon Regilasyon NL-25 lan

**Ki kote:** Dwa pasaj nan pati gazon sid Dutch Broadway anfas Ridge Road.

**Kilè:** Me 2023 – Jiyè 2023

**Orè:** Lendi – vandredi, 7 AM rive 3 PM

*\*Kèk fwa ka gen travay ki fèt nan jou ki pa jou lasemèn yo tou).*

## Kesyon?




(631) 213-2009



Box.liprojects@nationalgrid.com



ngrid.com/nl25



**Ou pran sant gaz. Aji vit.**

Pou sèvis ki gen rapò ak gaz

24 sou 24, 7 sou 7

rele 911 ak 1-800-892-2345.



# Pwojè pou Renove Estasyon Regilasyon NL-25 lan

## Kesyon Yo Souvan Poze Yo

**Konbyen tan travay y ap fè deyò lakay mwen an oswa deyò antrepriz mwen an ap dire?**

Pwojè a dwe kòmanse an me 2023 epi li dwe fini an Jiyè 2023.

**Ki kote pwojè a pral fèt?**

Konstriksyon an ap kòmanse nan pati sid gazon Dutch Broadway, tou pre entèseksyon Ridge Road la.

**Ki kategori travay ki pral fèt?**

Travay sa ap gen ladan l dezangajman ak demolisyon estasyon regilasyon ki te la deja a. Konstriksyon nouvo estasyon regilasyon Ridge Road la te fini. Sa se dènye etap pwojè sa.

**Poukisa se konnya sa ap fèt?**

Nou panse li enpòtan pou nou amelyore sistèm distribisyon enèji lokal la chak fwa sa posib. Nou vle asire nou kliyan nou yo ki nan Elmont yo kontinye jwenn yon sèvis enèji ki bon epi fyab espesyalman nan sezon li fè cho yo.

**Èske li san danje?**

Wi. Sekirite se premye priyorite nou. Tankou sekirite kliyan nou yo, gran piblik la, epi anplwaye nou yo ak kontraktan nou yo. Antrepriz konstriksyon pwofesyonèl nou travay avèk yo a mete sekirite kòm premye priyorite yo tou.

**Èske y ap kanpe sèvis mwen an?**

Non, N ap jere travay sa a yon fason pou sèvis nou an pa kanpe ditou.

**Èske pwojè sa a ap gen efè sou trafik la?**

Pa p gen twò gwo enpak sou trafik Dutch Broadway pandan moman travay la. Lin dwat Dutch Broadway la ap fèmen nan anviwon 120 pye nan chak kote Ridge Road.

**Èske w ap bezwen fouye anba kay mwen an epi si wi, kiyès ki ap ranje l?**

Non. Majorite travay nou yo ap fèt nan koulwa sèvis piblik ki la deja.

**A ki kalite enpak bri nou dwe atann nou pandan konstriksyon an?**

Menmsi kontraktan nou yo ap fè efò pou redui deranjman yo o maksimòm, pwojè a ap gen bri. Majorite bri yo ap fèt pandan y ap fouye, lè kontraktan yo ap itilize ekipman ki lou ak lè kamyon yo ap fè bak oswa lè yo kanpe pandan motè yo toujou an mach.

**Kijan mwen ka jwenn repons pou kesyon espesifik mwen yo?**

Tanpri rele liy asistans telefonik nou an (631-213-2009) oswa voye yon imèl pou nou nan [Box.liprojects@nationalgrid.com](mailto:Box.liprojects@nationalgrid.com) pou w ka pale ak ekip sansibilizasyon an. Nou genyen yon paj entènèt espesyalman pou pwojè a—[ngrid.com/nl25](http://ngrid.com/nl25)— ki genyen mizajou sou konstriksyon yo ansanm ak kote travay yo ap fèt yo ak dat limit yo.